

ENFÒMASYON ENPÒTAN

- ◆ Modèl pou fè sesyon fòmasyon pou administratè, pwofesè ak parapwofesyonèl yo pandan 18, 60 ak 300 èd tan.
- ◆ Elèv klas PreMatènèl-12èm ane ki reponn ak kritè kalifikasyon yo ap patisipe nan pwogram Aprantisaj Anglè (EL).
- ◆ Yo idantifye etidyan ki ap antre nan lekòl CCPS yo a travè yon seri Kesyon sou Sondaj Langaj sa yo ki nan fòm enskripsyon-an: Kipremye lang yo pale? Ki lang yo plis pale? e Ki lang yo pale lakay yo?
- ◆ Si elèv yo reponn “wi” pou nenpòt nan kesyon ki nan Sondaj la, nou ap ba yo yon ekzamen Anglè Tande-Pale, Li/Ekri ak/oubyen nou ap fè yon reyinyon Komite EL pou yo.
- ◆ Yo klasifye elèv yo, plase yo epi ofri yo enstriksyon pwogramatik ki baze sou evaliyasyon ansanm ak rekòmandasyon Komite EL la.
- ◆ Yo evalye elèv ki plase nan pwogram nan regilyèman pou detèmine si yo ap soti oubyen si yo ap kontinye rete nan pwogram nan.
- ◆ Yon elèv kapab patisipe nan pwogram nan pandan yon peryòd ki tabli ant twa a sis lane, sepandan, yo kapab soti pi bonè tou depan de pwogrè yo fè.
- ◆ Aprè ke elèv la soti nan pwogram nan, yo swiv li pandan de ane pou wè si li fè pwogrè akademik.
- ◆ Pwofesè ki nan pwogram “EL” la itilize pwogram Estanda Florid pou bay enstriksyon nan klas yo.
- ◆ Nou òganize seminè fòmasyon ak etid pou ede paran elèv “EL” yo konprann pwosesis adaptasyon edikasyon an.
- ◆ Genyen yon Komite Konsiltatif Paran ki la pou sèvi elèv EL yo e pou ede paran yo enplike pi plis nan edikasyon pitit yo.
- ◆ Lekòl yo yo òganize aktivite kiltirèl, atizanal, mizikal ak prezantasyon atistik pou ankouraje kilti Amerikèn ak kilti eritaj yo.



Yo mete kopi pwogram edikasyon “Florida Standards” yo disponib nan chak lekòl ak sou sit entènèt la nan lang Anglè, Espanyòl ak Kreyòl.

KONSEY ADMINISTRASYON DISTRI ESKOLÈ COLLIER COUNTY - VISION NOU

Tout elèv pral konplete lekòl ki prepare pou aprantisaj kontinyèl ak responsablite kominote ak mondyal yo.

KONSÈY ADMINISTRASYON LEKOL COLLIER COUNTY SE YON ENSTITISYON KI BAY AKSE EGAL / OPOTINITE EGAL POU EDIKASYON AK TRAVAY

Si ou gen kesyon oubyen plent ki gen rapò ak Atik Iwa sou Ameriken ki Andikape yo oubyen Seksyon 504 nan Atik sou Reyabilitasyon ki nan Iwa 1973 la, ou kapab rele oubyen ekri Jana Csenger nan 5775 Osceola Trail, Naples, Florida, 34109. Telefòn (239) 377-0521

Manb Pèsonèl nan Depatman an

Fernand Billon, EL Koòdonatris
Felicia Beaubrun, Especialis I
Saundra Kinsley, EL TSA
Jacquie Luciano, EL TSA
Carmen Mirabal, EL TSA
Ilona Olancin, EL TSA
Martha Sosa, EL TSA
Martha Voorhees, EL TSA

Fernand Billon, Administratè Depatman Tradiksyon an
Julia Brown, Tradiktè Espanyòl
Deslandes Voltaire, Tradiktè Creole
Telefòn: (239) 377-0131
Fax: (239) 377-0163



Konsèy Administrasyon Distri Eskolè Collier County

Jen Mitchell, Prezidan
Dr. Jory Westberry, Vis Prezidan
Erick Carter, Manb
Stephanie Lucarelli, Manb
Roy M. Terry, Manb

KONSÈY ADMINISTRASYON DISTRI ESKOLÈ COLLIER COUNTY

PWOGRAM APRANN ANGLÈ



Dr. Kamela Patton
Sipèentandan

Fernand Billon,
Kowòdonatè EL

Yon Kout Je soultwa Pwogram “EL” la

Pwogram Aprantisaj Anglè (EL) nan Lekòl Piblik Collier County yo ap sèvi elèv ki soti nan divès kalite kilti depi lane 1984 pou rive jodi-a. Nan lane 1984, Pwogram EL la te konte yon total 250 etidyan ki enskri. Pou koulye-a, genyen 6,369 elèv ki ap frekante lekòl yo. Pèsonèl ki pale yon sèl lang ak sa ki pale de lang (administratè, pwofesè, ak itè) ap asiste elèv EL yo ak paran yo.



Pou ede elèv ak imigran EL yo, a travè pwogram fon Ti III a, yo ba yo aksè a yon seri pwogram ki baze sou rechèch nan bi pou sipòte yo nan amelyore Abilite yo pou Pale Anglè byen (CALP), nan Abilite yo pou Kominike byen (BICS), ak nan devlope talan yo pou ekri ak li Anglè.



Bi Pwogram nan

1. Ofri pwogram imèsyon ki pwoteje, ki endepandan oubyen yon pwogram pou akeyi nouvo elèv nan tout sit lekòl yo.
2. Ofri idant i fi kasyon apw opri ye, evaliyasyon ak plasman etidyan EL yo.
3. Bay fasilite pou elanse enstriksyon Anglè a nan kou (EL) yo avèk tou nan lòt kou yo a travè pèsonèl devlopman yo.
4. Bay paran yo ankourajman pou yo enplike nan edikasyon etidyan EL yo.
5. Bay fasilite pou yo itilize eleman ak tèm pou etidye, pou fè etid an gwoup, aktivite miltikiltirèl ak lòt aktivite kiltirèl senp, enstriksyon avèk asistans konpitè, asistans titè nan travay laboratwa yo, aktivite aprè lekòl, materyèl lekti ki trete gwo sijè ki wo, pwodiksyon televizyon ak lòt ankò.
6. Bay fasilite pou fè estaj fòmasyon pou pèsonèl yo.
7. Ofri aksè egal ego nan tout pwogram edikasyonèl yo san retire pwogram don yo.



Modèl Program yo

Pwogram EL la ofri enstriksyon an Anglè pou Moun ki Pale lòt Lang yo a travè divès modèl ki ka mete konpetans yo an valè nan domèn pou yo koute, pale, li, ekri epi konprann.

- **Modèl Imèsyon-an** plase elèv EL yo nan sal klas Anglè monoleng avèk yon sipò ak asistans espesyal nan lang eritaj elèv la ke pwofesè oubyen titè yo ap bay.
- Modèl Akèy Enstriksyon Akademik la prezante materyèl pou ansenye matyè yo nan fason pou rann enstriksyon an konpreyansib pou elèv EL. Teknik ki itilize yo gen ladan prezantas y on en stiksyonklè, vokabilè ki nan kontèks prezantasyon yo, oryantasyon fonksyon travay yo, enstriksyon avèk asistans òdinatè ak aktivite entèaksyonèl.
- **Modèl Enstriksyon EL yo** ofri enstriksyon an Anglè pou ka devlope abilite yo nan koute, pale, li ak ekri ak konpetans pou elèv ki pa pale Anglè yo devlope konpreyansyon yo a travè yon pwogram edikasyon sou langaj ki ap itilize pwogram Florida Standards la.

